

JFK Medical Center & Johnson Rehabilitation Institute Financial Assistance Policy – Plain Language Summary

Règleman Asistans Finansye ("FAP") JFK Health System, Inc., ki gen ladann JFK Medical Center ak Johnson Rehabilitation Institute (ansanm yo rele yo, "JFK") la pou bay asistans pou pasyan ki gen bezwen swen sante ak sa yo ki pa gen asirans, ki pa gen ase asirans, ki pa kalifye pou lòt asistans nan gouvènman, oswa ki otreman pa ka peye pou sèvis ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè baze sou sityasyon finansye yo. Pasyan kap chache asistans finansye yo dwe aplike pou pwogram nan ki rezime nan dokiman sa a.

Sèvis ki Eliji: Asistans finansye disponib sèlman pou ijans oswa lòt sèvis swen sante medikal ki nesèsè. Se pa tout sèvis yo bay nan JFK Medical Center oswa nan etablisman Johnson Rehabilitation Institute ki kouvri anba FAP a. Yo gen dwa pa kouvri sèten sèvis lòt founisè ki voye bòdwo yo separeman. Tanpri ale nan Anèks A nan FAP JFK a pou w jwenn yon lis founisè ki bay sèvis swen sante nan etablisman sa yo ak si wi ou non yo kouvri anba FAP.

Pasyan ki Kalifye: Pasyan ki resevwa sèvis kalifye yo, ki satisfè kritè kalifikasyon e ki soumèt yon aplikasyon asistans finansye konplè ki gen ladann tout domiman yo mande yo.

Kijan pou w aplike: Ou kapab jwenn/konplete/soumèt FAP ak Aplikasyon FAP nan fason sa a:

- Telechaje dokiman an nan sit wèb ki annapre a: <https://www.jfkmc.org>
- Mande pou yo voye dokiman an ba ou nan lapòs, lè w rele Biwo Biznis la nan (732) 321-7566.
- Gen kopi papye ki disponib nan plizyè zòn nan etablisman JFK a. Sa gen ladann, men li pa limite sèlman nan sal ijans, zòn kote pasyan yo anrejistre a ak Biwo Biznis la ki chita nan: JFK Medical Center, 65 James Street, Edison, NJ 08820
- Pasyan yo ka pran yon randevou avèk yon Reprèzantan Finansye pou ede yo konplete Aplikasyon an. Si pasyan yo chwazi pou konplete Aplikasyon an poukont yo, yo dwe voye Aplikasyon konplè a (avèk tout dokiman yo mande yo) pa lapòs nan adrès sa a: JFK Medical Center Admissions Office, 65 James Street, Edison, NJ 08820

Kalifikasyon pou Asistans Finansye: Jeneralman, pasyan ki pa gen asirans ak sa yo ki pa gen ase asirans ka kalifye pou asistans finansye konplè lè revni fanmi an pi piti oswa egal a 200% nan Nivo Povrete Federal la ("FPL"). Anplis, tout pasyan ki pa gen asirans kalifye pou mòso asistans finansye.

Nivo Asistans Finansye, baze sèlman sou FPL la se:

- Revni fanmi an pi piti oswa egal a 200% nan FPL;
Asistans finansye konplè; \$0 pou bòdwo pasyan an.
- Revni fanmi an pi plis pase 200% men pi piti oswa egal a 300% nan FPL;
Mòso asistans finansye; pi piti nan Swen Charite ak Rabè nan Swen Konpasyon oswa AGB.
- Revni fanmi an pi plis pase 200% men pi piti oswa egal a 500% nan FPL;
Mòso asistans finansye; pi piti nan Rabè Moun ki pa gen Asirans oswa AGB.
- Pasyan ki pa gen Asirans yo;
Mòso asistans finansye; pi piti nan Rabè nan Swen Konpasyon oswa AGB.

Nòt: Yo ka konsidere lòt kritè apre FPL a tou (tankou limit avantaj, estati rezidans, estati asirans), ki ka fè eksepsyon nan atik ki anvan yo. Reprèzantan Finansye JFK yo revize aplikasyon yo soumèt yo, ak detèmine kalifikasyon pou asistans finansye an akò avèk FAP a.

Nenpòt moun yo detèmine ki kalifye pou asistans finansye anba FAP a pap gen pou peye plis pase valè ("AGB") yo jeneralman chaje pou ijans oswa lòt sèvis swen sante ki nesèsè medikalman. Nenpòt moun ki gen kalifikasyon-FAP a ap toujou gen pou peye pi piti montan AGB oswa nenpòt rabè ki disponib anba FAP a.

Disponibilite pou Tradiksyon: FAP, Aplikasyon ak PLS la disponib an Anglè ak nan lang natif natal popilasyon ki pa gen gwo ladrès nan lang Anglè a ("LEP") sa ki reprezante mwens ke 1,000 moun oswa 5% nan kominote JFK ap sèvi a.

Pou èd, asistans oswa kesyon tanpri rele Biwo Biznis la nan (732) 321-7566.